प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु असम के गुवाहाटी से प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क बाइसवां किस्ति जारी कइलें। एहसे उत्तर प्रदेस के दुइ करोड़ पनरह लाख से बेसी किसानन के लाभ मिलल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कक संसदीय क्षेत्र वाराणसी के सथहीं प्रदेस के अउरियो जिलन में किसान लोगि प्रधानमंत्री के कार्यक्रम क सजीव प्रसारण देखलें। किसान लोगि प्रधानमंत्री क आभार जतवले हवें।

**********

केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथे आजु लखनऊ के समतामूलक चौराहा पर ग्रीन कॉरिडोर परियोजना के दूसरका फेरा क उद्घाटन कइलें। एगो रिपोर्ट–

***ग्रीन कॉरिडोर का यह फेज पन्द्रह सौ उन्नीस करोड़ के लागत से तैयार किया गया। इस अवसर पर रक्षामंत्री ने कहा कि यह कॉरिडोर बन जाने से भारी वाहनों को शहर में आने की आवश्यकता नहीं पड़ेगी। उन्होंने कहा कि शहरवासियों को भी इसके माध्यम से शहर के एक किनारे से दूसरे किनारे तक पहुंचने में आसानी होगी। कार्यक्रम को मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने भी संबोधित किया। ग्रीन कॉरिडोर का यह चरण नौ दशमलव दो किलोमीटर लंबा है। गोमती नदी के किनारे बने इस कॉरिडोर से पुराने लखनऊ और गोमती नगर के बीच कनेक्टिविटी मजबूत होगी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राज्य में रसोई गैस–एलपीजी क निर्बाध आ सुचारू आपूर्ति सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहले हवें। उहां के काल्हि देर संझा लखनऊ में वरिष्ठ अधिकारियन आ तेल कम्पनियन के उच्च अधिकारियन के साथ बइठकी कइ के स्थिति क समीक्षा कइलीं। एगो रिपोर्ट–

**रसोई गैस को लेकर की गई समीक्षा बैठक में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कहा कि स्थिति उतनी गंभीर नहीं है जितना अफवाहों के माध्यम से प्रचारित करने का प्रयास किया जा रहा है। उन्होंने कहा कि तेल कंपनियों को प्रशासन के साथ समन्वय स्थापित करके जनता को एलपीजी की आपूर्ति और वितरण की वास्तविक स्थिति के बारे में नियमित रूप से सूचित करना चाहिए। मुख्यमंत्री ने सख्त निर्देश देते हुए कहा कि यदि कोई वितरण एजेंसी या निजी व्यक्ति कालाबाजारी या जमाखोरी में लिप्त पाया जाता है, तो उसके खिलाफ एफआईआर दर्ज करते हुए तत्काल सख्त कार्रवाई की जाए। यदि आवश्यक हो, तो एलपीजी वितरण केंद्रों पर पुलिसकर्मियों की तैनाती की जाए, ताकि कहीं भी अव्यवस्था न फैले और वितरण कार्य सुचारू रूप से पूरा हो सके। समाचार कक्ष से रितेश।**

**********

केंद्र सरकार के निरदेस के बादे आपूर्ति विभाग लोगिन से रसोई गैस, पेट्रोल आ डीजल क बढ़ियां तरीका से उपयोग कइले क आग्रह कइले हौ। विभाग पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय के अधिसूचना में कहल गइल बाति क हवाला दिहलस, जेहमें ई कहल गइल बा कि देस में रसोई गैस, पेट्रोल आ डीजल क पुरहर भण्डार मौजूद बा। हलांकि मंत्रालय ई हो कहलस कि मध्य पूर्व में चलि रहल संघर्स के नाते हालति अस्थिर बनि गइल बा। येह अनिस्चितता के देखत आपूर्ति विभाग लोगिन के येह उत्पाद क सही तरीका से उपयोग कइले क सलाहि दिहले हौ।

**********

राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा कानपुर में आजु आयोजित प्रेसवार्ता में मतदाता लोगिन से विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआर के आखिरी मतदाता सूची में आपन नांव चेक कइले क अपीलि कइलें। श्री रिणवा कहलें कि ई सूची दस अपरैल के प्रकासित होई। उहां के बतवलीं कि भारत निर्वाचन आयोग मतदाता लोगिन के सुविधा बदे कुछु महत्वपूर्ण निर्णय लिहले हौ। एकरे तहत दुइ हजार सत्ताइस में होखे वाला चुनाव में कउनहू पोलिंग स्टेसन में बारह सौ से बेसी मतदाता नाहीं होइहें। मतदाता लोगिन के सुविधा बदे पोलिंग स्टेसन के लग्गे लोगिन क मोबाइल जमा कइले क व्यवस्था दीहल जाई।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस भर्ती आ प्रोन्नति बोर्ड के ओरि से उप निरीक्षक नागरिक पुलिस आ समकक्ष पदन पर सीधी भरती–दुइ हजार पचीस खातिर लिखित परीक्षा बिहने आ पनरह मार्च के आयोजित होई। एगो रिपोर्ट–

**भर्ती के लिए परीक्षा का आयोजन 14 और 15 मार्च 2026 को राज्य के 75 जिलों में बने परीक्षा केंद्रों पर होगा। दोनों दिन परीक्षा 2 शिफ्ट में आयोजित की जाएगी। इस भर्ती के जरिए कुल चार हजार 543 पदों पर नियुक्तियां की जाएंगी। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।**

**********

रमजान के आखिरी जुमा पर आजु प्रदेस भर में अकीदत के साथे अलविदा क नमाज अदा कइल गइल। लखनऊ, वाराणसी, श्रावस्ती आ जौनपुर के सथहीं प्रदेस भर में नमाजी लोगि देस में हमेसा खुसहाली आ सान्ति बनल रहले क कामना कइलें। येह मौका पर सज्जो जिलन में सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम रहे। संवेदनसील जगहिनि पर सुरक्षा आ यातायात क अतिरिक्त इंतिजाम कइल गइल रहल।

**********

मौसम विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेस में पनरह आ सोरह मार्च के ओही पूरबी उत्तर प्रदेस में पनरह मार्च के कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक पूरबी उत्तर प्रदेस में सोरह मार्चो के कुछु जगहिनि पर ईहे हालति बनल रही।

**********